# Tit

## 1

### Póol mu ngi nuyu Tit

[1] Man Póol, di jaamu Yàlla ak ndawu Yeesu Almasi bi. Yàlla sant na
ma, ma indi ci ngëm gi ñi mu tànn, te ma xamal leen dëgg giy tax
ñuy takku ci Yàlla, [2] ngir ñu am yaakaar ci dund gu dul jeex gi. Yàlla
mi mënula fen moo nu dig dund boobu laata àddina bi di sosu. [3] Ci
waxtu bi mu tànn, Yàlla sunu musalkat xamle na kàddoom jaarale
ko ci waare bi mu ma dénk te sant na ma, ma yégle ko. [4] Maa ngi lay
nuyu Tit, sama doomu bopp ci ngëm gi nu bokk. Na la Yàlla Baay ji
ak Yeesu Almasi bi sunu musalkat may yiw ak jàmm.

### Melokaanu njiiti mbooloo ñi gëm

[5] Li tax ma bàyyi la ci réewu Keret mooy nga jubal mbir yi ci des,
te ni ma la ko sante, nga tànn ay njiit ci mbooloo ñi gëm ci dëkk bu
nekk. [6] Njiit war na nekk nit koo xamante ne kenn amul lu mu koy
ŋàññe, te dafa wara yem ci benn soxna rekk, te doomam yi déggal
ko maanaam kenn du leen mëna ŋàññe yàqute walla déggadi.
[7] Ndaxte kiy jiite mbooloo ñi gëm moo yore kilifteefu njabootu
Yàlla, ba tax kenn warula am lu mu koy ŋàññe. Warul nekk ku réy,
walla muy gaawa mer. Warul nekk màndikat, walla nit ku tàng, te
warul wut xaalis bu lewul, [8] waaye dafa wara nekk ku mëna dalal ay
gan, bëgg lu baax, ànd ak sagoom, jub, sell, mëna noot ay yég-
yégam, [9] te takku ci kàddu dëgg gi méngoo ak njàngale bu wóor bi.
Noonu mu mëna ñaax ñeneen ñi jaarale ko ci njàngale bu dëggu bi,
te itam mu mëna yedd ñiy xeex njàngale moomu.

### Póol mu ngi ñaax Tit ngir mu yedd waa Keret

[10] Ndaxte am na ñu bari ñu déggalul dëgg gi, rawatina Yawut yi
bokk ci nun. Ñu ngi nax nit ñi jaarale ko ci seen waxu neen. [11] Fàww
nga noppiloo leen, ndaxte ñu ngi jaxase njabooti lëmm, di jàngale li
warul ngir am ci xaalis bu lewul. [12] Benn waay bu dëkk Keret, ñu
jàppe ko ni yonent, nee na: «Waa Keret ay fenkat lañu mësa doon,
soxor ni rabu àll, fuqle te tayel.» [13] Li mu seede dëgg la, moo tax
yedd leen bu baax ngir ñu mëna am ngëm bu dëggu, [14] te ñu baña
takku ci ay nettali yu dëgguwul yu Yawut yi walla ci ndigali nit ñi
dëddu woon dëgg gi. [15] Lépp set na ci ñi set, waaye dara setul ci ñi
am sobe te gëmuñu, ndaxte seen xel ak seen xalaat da am sobe.
[16] Ñu ngi woote xam Yàlla waaye seeni jëf dañuy weddi Yàlla,
ndaxte dañuy def lu Yàlla sib, déggadi, te mënuñoo matal benn jëf
bu baax.

## 2

### Póol mu ngi jàngale ci dundinu mbooloo ñi gëm

[1] Waaye yaw, waxal li dëppoo ak njàngale mu dëggu mi. [2] Na góor
ñu mag ñi ànd ak seen sago, am faayda, teey, ñu dëggu ci ngëm gi,
ci mbëggeel gi, ak ci dëgër-dëgërlu.

[3] Noonu tamit na jigéen ñu mag ñi dund ci anam bu neex Yàlla, ñu
baña jëw seeni moroom mbaa ñu nekk ay màndikat. Nañu jàngale
lu baax [4] ngir mëna ñaax jigéen ñu ndaw ñi, ñu bëgg seen jëkkër ak
seeni doom, [5] ñu ànd ak seen sago, set ci seen dundin, ñu toppatoo
seen kër, fees ak mbaax, te déggal seen jëkkër, ngir ñeneen ñi baña
wax lu ñaaw ci kàddug Yàlla gi. [6] Noonu tamit ñaaxal waxambaane
yi ngir ñu ànd ak seen sago.

[7] Yaw ci sa bopp, ci lépp nekkal royukaay ci jëf yu baax. Jàngaleel
ci njubte ak faayda. [8] Na sa waare dëggu te ñàkk lu ñu koy ŋàññe,

ngir sunu noon yi rus, ndaxte gisuñu dara lu ñaaw lu ñuy wax ci
nun.
[9] Na jaam yi déggal seeni njaatige ci lépp, ñu neex leen, ñu bañ
leena weddi, [10] te bañ leena sàcc, waaye nañu wone ne mën nañu
leen wóolu, ngir rafetal njàngale Yàlla sunu musalkat.
[11] Ndaxte Yàlla feeñal na yiwam, mu nekk buntu mucc ngir ñépp.
[12] Yiw boobu moo nuy jàngal nu bàyyi lépp li nuy tere nu takku ci
Yàlla te nu bàyyi tamit bëgg-bëgg àddina. Noonu nu mëna dund ci
sago, ci njub, ak takku ci Yàlla ci jamono jii [13] nuy xaar bés bi Yàlla
di matal yaakaar bu barkeel bi, di ñëwu Yeesu Almasi bi ci
màggaayam. Mooy sunu Yàlla bu mag bi ak sunu musalkat. [14] Joxe
na boppam ngir nun, ngir yewwi nu ci lépp lu bon, ngir def nu benn
mbooloo bu mu setal, bi mu moom, moom rekk, te nu farlu di matal
ay jëf yu baax.
[15] Jàngaleel mbir yooyu, nga ñaax leen te nga yedd leen ak sa sañ-
sañ bépp. Bul nangu kenn yab la.

## 3

### Nit ku gëm war na def ay jëf yu baax

[1] Fàttalil mbokki gëmkat yi ngir ñu déggal njiit yi ak kilifa yi, di
jëfe seeni ndigal, te ñu waaj ngir def bépp jëf bu baax. [2] Buñu wax
kenn lu bon, waaye nañu dal te baax, te di wone saa su nekk lewet
ci nit ñépp. [3] Ndaxte nun tamit nii lanu meloon bu jëkk: ñàkk xel,
déggadil Yàlla, réer, di ay jaamu bépp xeetu bëgg-bëgg ak sunu
bànneexu bakkan. Danu doon dund ci soxor ak ci ñee; danu doon
bañante ak ñeneen ñi. [4] Waaye bi Yàlla sunu Musalkat feeñalee
mbaaxam ak mbëggeelam ci nit ñi, [5] musal na nu. Du jëf yu jub yi
nu mataloon moo tax, waaye ndax yërmandeem ci nun. Musal na
nu jaarale ko ci juddu bu bees bi, maanaam raxas na sunu xol, te

yeesalaat na nu ci Xel mu Sell [6] mi mu sotti ci sunu kaw ba mu ne
gàññ, jaarale ko ci Yeesu Almasi bi sunu Musalkat. [7] Noonu segem
Yàlla dafa noo àtte ni ñu jub ci yiwam, dinanu donn dund gu dul
jeex, gi nekk sunu yaakaar. [8] Loolu kàddu gu wóor la te bëgg naa
nga wéy di wax ci mbir yooyu, ngir ñi gëm ci Yàlla góor-góorlu ngir
matal jëf yu baax. Loolu mooy li baax te am njériñ ci nit ñi.
[9] Waaye bañal waxtaan yu amul solo yi, lépp lu jëm ci limi maam
yi, xuloo yi ak werante yu jëm ci Yoonu Musaa. Amuñu benn njériñ,
te ay waxu neen lañu. [10] Ki nga xam ne day indi xaajaloo, artu ko
benn ba ñaari yoon. Su la bañee déglu nag, nga dàq ko ci mbooloo
gëmkat yi. [11] Ndaxte xam nga bu baax ne nit ku mel noonu sori na
yoon bu jub bi, bàkkaar na te moo teg boppam daan.

## Póol mu ngi tàggatoo ak Tit

[12] Su ma la yónnee Artemas walla Tisig nanga gaawantu fekksi ma ci
dëkku Nikopolis, ndaxte dama jël dogal def fa jamono seddaay bi.
[13] Nanga jox Senas layookat bi ak Apolos lépp li ñu soxla ci seen
tukki bi, ngir ñu baña ñàkk dara. [14] Fàww ñi bokk ci nun tamit jàng
di matal ay jëf yu baax, ngir ñu mëna faj soxla yu jàmp yi. Noonu
seen dund dina am njériñ. [15] Ñépp ñi nekk ak man, ñu ngi lay nuyu.
Nuyul sunu xarit yi nu bokkal ngëm gi. Na yiwu Yàlla nekk ak yeen
ñépp.